

GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM YO POU L KA GEN PLIS SÈVIS

Apati **1ye janvyè 2025**, ou ka konekte ak òganizasyon nan kominote w la ki bay sèvis pou ede w nan lojman, manje, transpò ak jesyon swen gratis pou ou, atravè yon Rezo Swen Sosyal rejyonal (SCN, an anglè).

- Atravè SCN sa a, ou menm ak pitit ou a ka rankontre ak yon Navigatè Swen Sosyal ki ka tcheke kalifikasyon w pou sèvis ki ka ede nou ak sante nou. Y ap poze w kèk kesyon pou w wè ki kote w ka bezwen kèk sipò anplis.
- Si w kalifye oswa pitit ou a pou sèvis yo, Navigatè Swen Sosyal la ka travay avèk nou pou jwenn sipò nou bezwen an. Sa a depann sityasyon nou, nou ka kalifye pou plis pase yon sèvis. Sèvis sa yo gen ladan:
 - Sipò pou lojman ak sèvis piblik:
 - Enstale modifikasyon lakay ou tankou ranp, balistrad ak ba pou fè kay nou aksesib epi an sekirite.
 - Repare epi fikse fwit dlo pou anpeche mwazi plen kay nou an.
 - Bouche twou ak fant pou anpeche ensèk nuizib antre lakay nou.
 - Bay yon èkondisyone, aparèy chofaj, imidite oswa dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon lakay nou.
 - Ede nou jwenn epi aplike pou lojman ki an sekirite epi ki estab nan kominote a.
 - Sipò nitrisyon:
 - Jwenn èd nan men yon ekspè nitrisyon ki pral ba nou konsèy ak sipò nan chwazi manje ki an sante pou satisfè bezwen sante nou ak objektif nou.
 - Jwenn manje prepare, pwodui fre oswa atik makèt yo delivre lakay nou pou jiska sis (6) mwa. Yo pral prepare atik manje sa yo pou bezwen espesifik sante nou.
 - Bay founiti pou kwit manje tankou po, chodyè, mikwo ond, frijidè ak istansil pou prepare manje.
 - Sèvis transpò:
 - Ede w ak aksè nan transpò piblik oswa prive nan kote SCN apwouve tankou: ale nan yon entèvyou travay, kou pou paran, tribinal lojman pou anpeche degèpisman, makèt fèmeye lokal yo ak biwo depatman vil la oswa leta pou jwenn dokiman enpòtan.
 - Sèvis jesyon swen:
 - Jwenn èd pou jwenn yon travay oswa pwogram fòmasyon travay, aplike pou benefis piblik, jere finans ou, ak plis ankò.

- Konekte ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèvansyon kriz, pwogram kay an sante, ak plis ankò.

Si w enterese, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 800.303.9626(TTY: 711). Rele Lendi rive Vandredi, 8am - 6pm, Samdi 9am - 5pm MetroPlus Health ap mete w an kontak ak yon SCN nan zòn ou an. Navigatè Swen Sosyal la ap verifye kalifikasyon w, ap ba w plis enfòmasyon sou sèvis sa yo epi l ap ede w antre an kontak ak yo.